



# Reyinyon Komisyon Morrissey Boulevard #3

## Kisa k ap pase?

Twazyèm reyinyon Komisyon Morrissey Boulevard la ap fèt Jedi 2 Me 2024 apati 6:00 p.m. jiska 8:00 p.m. nan Boston College High School nan Dorchester. Reyinyon sa a pral fèt an pèsonn, avèk opsyon pou rankont vityèl, epi l ap ouvri pou publik la. Tanpri sonje sa, reyinyon an pral anrejistre.

Pandan reyinyon sa a, pral genyen prezantasyon manm Komisyon an, ak esplikasyon sou kondisyon transpò multimodal nan etid la, ak sou altènativ pou devlopman yo, ak enfòmasyon sou dènye efò enpòtan k ap fèt nan koridò a. Apre sa, pral genyen yon diskisyon ant manm Komisyon an, ak yon peryòd kòmantè pou publik la.

## Ki lè l ap fèt

Jedi 2 me 2024  
6:00 diswa pou rive 8:00 diswa EST

## Ki kote l ap fèt

Boston College High School  
150 Morrissey Boulevard  
Boston, MA 02125



Vizite [www.mass.gov/k-circle-morrissey-study](http://www.mass.gov/k-circle-morrissey-study) pou jwenn plis enfòmasyon sou reyinyon an epi pou w enskri pou patisipasyon vityèl.



Reyinyon sa a aksesib pou moun ki gen andikap ak moun ki gen konesans limite nan lang anglè. MassDOT ofri aranjman rezonab epi/oswa asistans nan kesyon lang gratis lè moun fè demann nan, epi lè sa a apwopriye. Pou fè demann èd pou aranjman oswa lang, tanpri kontakte Chèf Divèsite MassDOT ak Biwo Dwa Sivil nan telefòn (857) 368-8580, faks (857) 368-0602, relè 7-1-1, oswa pa imèl sou [MassDOT.CivilRights@dot.state.ma.us](mailto:MassDOT.CivilRights@dot.state.ma.us). Nou dwe fè demann nan pi bonè posib anvan reyinyon an, epi pou sèvis ki difisil pou òganize li gen ladan l lang siy, CART, oswa pou tradiksyon oswa entèpretasyon lang nou dwe fè demann nan omwen dis (10) jou ouvrab anvan reyinyon an.